# ПЕДАГОГИКА, ПСИХОЛОГИЯ

## ХАЛЫҚ АЎЫЗЕКИ ДӨРЕТИЎШИЛИГИ ҲӘМ ДӘСТҮРЛЕРИ ТИЙКАРЫНДА ЖАСЛАРДЫ ӘДЕП-ИКРАМЛЫЛЫҚҚА ТӘРБИЯЛАЎ МӘСЕЛЕЛЕРИ

***Тилегенов А.Т.***

*Т.Н.Қары-Ниязий атындағы Өзбекстан педагогикалық илим-изертлеў институты Қарақалпақстан филиалының еркин излениўшиси*

**Таянч сўзлар:** халқ оғзаки ижоди, дастурлар, ёшларни одоб-ахлоқга тарбиялаш, халқлар маданияти, маънавий тарбия, ёш авлод, Шарқ алломалари, педагог, шоир, асарлар.

**Ключевые слова:** фольклор, программы, нравственное воспитание молодежи, народная культура, духовное воспитание, молодое поколение, учёные Востока, педагог, поэт, произведения.

**Key words:** folklore, programs, moral education of youth, folk culture, spiritual education, young generation, eastern scientists, teacher, poet, works.

Ҳәзирги ўақытта билимлендириў тараўына айрықша итибар қаратылмақта. Әсиресе жасларымыздың тәлим-тарбиясына ҳукиметимиз тәрепинен дыққат аўдарылмақта.

Әййемги грек философы Демокриттиң айтқанындай, «Адамлар тәбияттан гөре көбирек өмирлик шынығыўдан жақсы болып шығады», Көп әсирлер өткенинен соң тап усы пикирди француз философы Гельвеций «Адамлар туўылмайды, ал олар ким болса сондай болып шығады», _ деп даўам етти. Олардың пикирлерин раўажландыра отырып, В.Г. Белинский «Дүньяға хеш қандай адам таяр ҳалында, яғный толық қәлиплескен түринде келмейди, бирақ оның ҳәр қандай турмысы үзликсиз ҳәрекет етиўши раўажланыўдан, қәлиплесиўден басқа нәрсе емес», деген жуўмаққа келеди. Бул базар экономикасына өтиў жағдайларында бийғәрез демократиялық мәмлекетти қурыўдың баслы ўазыйпаларының бири болған руўхыйлыққа ҳәм әдеп-икрамлылықта тәрбиялаўға тийисли болады. Ал базар экономикасына өтиўдиң өзи адамлардың өз-ара қатнасықларында жоқары әдеп икрамлылық көрсетиўсиз мүмкин болмайды.

Орта Азия ҳәм Қазақстан халықлары мәдениятта, өзлериниң жас әўладты тәрбиялаўға болған көз-қарасларында көплеген улыўмалылыққа ийе, ал олардың өз-ара байланыста болыўы ҳәм бирге ислесиўи нәтийжесинде бир-бирине сиңисип кетиўи мүмкин болды. Усыған қарамастан ҳәр бир халық өз характериниң миллий белгилерине өз үрп-әдет дәстүрлерине өзиниң тәкирарланбайтуғын сийрек гезлесетуғын әдебиятына ийе болады. Бул нәрсе жас әўладта руўхыйлықты ҳәм әдеп икрамлылықты тәрбиялаў ушын жақсы тийкар болып хызмет етеди. Бул тек шығыс еллеринде ғана емес, ал батыс еллеринде де педагогика илиминиң қәлиплесиўине оғада зор тәсир жасаған бизиң ата-бабаларымыздың Шығыс ойшылларының даналығын пайдаланыў мәселесиниң әҳмийетин барынша арттырады.

Көрнекли шайыр педагог Сейфулғабит Мәжитов баланы дүньяға шығыўының дәслепки күнлеринен-ақ тәрбиялай баслаў, оның организмин беккемлеў оның турмыслық ақыл уқыплықларын даналық нурлары менен жақтыртыў, әдеп икрамлылығын жетилистириў, есте сақлаўын шынықтырыў тийис деген еди. Оның пикиринше, тап шаңарақтың өзинде тәрбияның тийкар салыныўы ал оны мектеп, медресе муғаллимлери жетилистириў тийис.

Балалардың жалқаў болып, мийнет еткиси келмеўин ол надурыс шаңарақ тәрбиясының салдарынан әдеп-икрамлылық нормаларының бузылыўы деп есаплады. С.Мәжитов баланың дене тәрбиясына айрықша кеўил бөлди. Ол ден-саўлықты ҳәм мыңлы денени адам ушын ең керекли, ең әҳмийетли нәрсе деп есаплады. Оқыў, оқытыў, үйрениў ҳәм үйретиў ушын адамға ден-саўлық аўрыўға шалынбаған дене зәрүрғой, ақыры. Ал ден саўлығы жоқ адамлар өз исинде шәлкем шалыслықларға, олқылықларға, сәтсизликлерге жол қояды. Бизиң турмысымыз ҳәм бахтымыз толығы менен ден-саўлықтан, бизиң денемизден ғәрезли болады. Оның пикиринше, биз денемизди ден-саўлық ушын зиянлы әдетлерден сақлаў ушын туўыламыз.

Тәжирийбе адамның тап усы физикалық жағдайы, оған руўхый жағынан раўажланыўда ҳәм әдеп-икрамлылық жағынан жетилисиўде жәрдем беретуғынын көрсетип отыр. Ал нәрестениң организимин ҳәр қыйлы аўырыўлардан сақлап қалыў ушын балаларды жеке гигиенаны сақлаўға үйретиўдиң әхмийетлилиги буннан қалыспайды, деп есаплайды ол. Азадалық С.Мәжитовтың айтыўына қарағанда, адамзаттың руўхый мәдениятының ең әҳмийетли бөлеги болып, бизиң ден-саўлығымызды сақлап турыўда оғада үлкен роль атқарады. «Жамалған болсада жуўылған таза кийиминди кийиў уят емес, бирақ патасланып май-май болып қалған кийимди кийиў уят, оның үстине бул жынаятта деп көрсетеди.

Орта әсирлик дәўирдеги энциклопедист илимпазларының дыққат орайында адамды оның жеке қара басын ҳәр тәреплеме тәрбиялаў, жетилистириў ҳәм социаллық мәселелерди шешиўде белсендилик көрсетип турады. Мәселен, мусылман шығысында екинши муғаллим деп аталыўшы Фарабий (олар Аристотелди муғаллими әўелл - биринши муғаллим, Фарабийди муғаллими соний - екинши муғаллим, Әбиў Әлий ибн Синаны - үшинши муғаллим деп жүритеди). Адамды өз ақылы арқалы дөгерек әтираптағы дүньяны таный алатуғын тәбияттың жоқары инамы деп есаплады. Ақылдың жәрдеми менен затлардың түп мәнисин олардың жоқары ишки байланысларын түсиниўге ерисиледи, ал буны сезим арқалы биле алмайсаң. Илимпаздың адамға билимлерди таяр түринде усынбаў, ал оларды уғып алыўға, затларды жән-жақлама сыпатлап бериўге үйретиў, затлар менен қубылыслардың арасындағы байланысларды көре билиўге үйретиў туўралы талаплары тап мине усыннан келип шыққан. Ол қандай да бир затларды билип алыў я пикирлеўши күш, я қыял етиў, я сезиў арқалы әмелге асырылыўы мүмкин деп есаплады. «Сезим, - деген еди ол,- бул бир қурал болып, адам жаны оның жәрдеми менен билимлерге ийе болады. Берунийдиң тап билимлердиң өзи адамды адамгершиликли етеди, ал өз билимиңди басқалар менен ортақласыў хақыйқат бахытқа бөлейди, деген идеялары руўхыйлықты ҳәм әдеп-икрамлықты тәрбиялаўда айрықша баҳалылыққа ийе болады. Ал билим алыў процесиниң өзин Беруний үлкен күшти ҳәм ўақытты, шыдамлылықты талап ететуғын мийнет деп есаплады.  Адам анаў ямаса мынаў тараўда қаншама көп билим алған сайын, оның соншама көп билгиси келеди, оның билимге деген талабы соншама дәрежеде күшейе береди.  Бул әсиресе адам басқаларды оқыта баслаған ўақытта айқын көринеди. «Өзиң қатты умтылып, қызыққан нәрсең ҳақыйқат ләззет бағышлайды,-деп жазған еди Беруний, - сен усы нәрсеге қаншама көп ийе болсаң, оған деген қызығыўшылық соншама дәрежеде арта береди. Адам жанының усындай жағдайы ол бурын билмеген нәрсесин анық билип алған ўақытта ғана жүз береди».  Бундайда Беруний тәлим бериўге кириспестен бурын адамның характерин билиў, оның  билимлерин, дыққат дәрежесин тексерип көриў, ал оннан соң оның уқыплықларына тийкарлана отырып, оны билимлер уқыплар, көнлигиўлер менен қуралландырыў зәрүр, деп мәсләҳәт еткен еди. Әжайып шайыр, ойшыл, илимпаз, Әлийшер Наўайы адам ақылын жоқары баҳалайды: «Билим ҳәм даналық адамды нығайтады», - деп жазған еди ол.

Әсиресе, ол баланы ҳәр тәреплеме ақылға муўапық қәлиплестириў, раўажландырыў мәселесине үлкен кеўил бөлип, баланы үйдиң шамшырағы, ол шаңарақты қуўанышқа ҳәм бахытқа бөлейди, деп есаплады. Шығыстың басқа да ойшыллары сыяқлы, Алишер Наўайы да баланы қаршадай

ўақтынан баслап тәрбиялаў ҳәм оған илим үйретиў тәрептары болды. Оның ушын ең баслы нәрсе балаларға сүйиспеншилик пенен қатнас жасаў болды. Ол әлемниң ең жоқары ҳәм баҳалы сыйлығы болған адам ретинде балаға сүйиспеншилик пенен қараўға шақырды. Мийнет ҳәм әдеп-икрамлылық тәрбиясы мәселелери Наўайының мийнетлеринде әдеўир орынды ийеледи. Ол адам күш жумсай отырып, мудамы билим излеўи тийис, деп есаплады:

*Билим излеп дүньяны гезгил,*
*Бирақ ҳәммесин билим ушын өзиңди билгил.*

«Ал өз мийнетиң менен қолға киргизилген билимлерди Наўайы халық ийгилиги ушын жумсаўды мәсләҳәт етти». Ал өзи ийелеп алған билимлерди пайдаланбайтуғын адам жап қазып, бирақ жерге егин екпеген, дақылды пайдаланбаған адамға мегзетеди. Ҳәдисте де билимди өзи ийелеп басқаларға үйретпеген адам аўыр гүнә ислеген менен барабар делинеди.

Жақын шығыста өз дәўириниң теңи жоқ ойшылы деп аталған (акад. Вахадов) Бердақ педагогикалық ойларды раўажландырыўға, атап айтқанда руўхыйлықты ҳәм әдеп-икрамлылықты тәрбиялаўға салмақлы үлес қосты. Ол тап усы илим билимди ийелеўдиң өзи жәмийеттиң руўхый сондай ақ материаллық абаданлығын арттырыўға жәрдем береди деп есаплады. Ол ақыл тәрбиясын әдеп-икрамлылық тәрбиясы менен байланыссыз көз алдына келтире алмаған. Оның логикасына муўапық, тек интелектуаллық жағынан раўажланған адамлар ғана жоқары әдеп-икрамлылыққа ийе бола алады. Оның «Тыңла балам» шығармасы айрықша қунлылыққа ийе. Ол усы қосығында жас әўладқа қалайынша ўатанның ылайықлы пухарасы болыў туўралы үгит нәсият етеди. Ол баласын тәкәббир болмаўға, өз күшлерин бийкарға жумсамаўға, өз халқының, ўатанының ийгилиги жолында жақсы ислер ислеўге тер төгип мийнет етиўге, адамларды қәдирлеўге, олардың жақсы-жаманын парықлай билиўге, принципиал болыўға, өз сөзинен қайтпаўға, егерде байып кетсе, тәкаббир болмаўға, басқалардың зейнине тиймеўге, душпанларға қарсы гүресте мәрт, батыр болыўға, досларын ақылына қарай қәдирлеўге, Ўатанды сүйиўге, ағайын туўысқанды умытпаўға, жарлыларға сақыйлық етиўге, барқулла өз әкесиниң нәсиятларын ядында сақлаўға шақырды.

Уллы ҳәзиретимиз Бердақ өзиниң усы  қысқа қосығында ҳәзирги күни жаңа турмысты қурыўға адамлардың белсендилик пенен қатнасыўы ушын оғада әҳмийетли болған инсан характери белгилерин, әдеп-икрамлылық қәсийетлерин айрықша ажыратып көрсетеди. «Жигерли бол жастан балам» деп әлемге жар салған шақырығында: халқыңның ар намысын етиңе кийип алып, оның барқулла ийтаршысы болып, жәбирин тартпасаң, оның жақсы

тәрепин мақтап, жаман тәрепин жек көрмесең, сениң перзент болып түтин түтеткениң бийкар дейди.

Республикада үзликсиз тәлим бериў системасын дөретиўге байланыслы жас әўладқа илим үйретиў мәселеси айрықша ортаға қойылып атыр. Қарақалпақ шайыры ҳәм ағартыўшысы Омар өзиниң қосығында илим ҳәм жаңа техниканың инсан турмысындағы ролин ҳәм әҳмийетин барынша улығлайды. Омар рус тилин үйрениўге айрықша итибар бериўге шақырады.

Шығыс ойшылларының көз-қараслары тек өз қара басының тәжирийбеси тийкарында қәлиплескен болса да олардың идеялары халық педагогикасын раўажландырыўға да белгили дәрежеде тәсир жасады. Халық арасында тәрбияның роли жоқары баҳаланып келген. «Тәрбия-бийбаҳа байлық» - делинеди халық даналығында. Тәрбия - мәңги категория болып, ол жәмийеттиң раўажланыўы менен бирге өмир сүреди ҳәм раўажланып барады.

Халық адамлардың минез-қулқының әдеп-икрамлылық нормаларына қайшы келиўи көбинесе тәрбияның педагогикалық жағынан бузылыўының нәтийжеси болады, деп беккем исенеди. Буның себеби ата-аналар менен тәрбияшылардың шыдамлылық, талапшанлықтың жетиспеўинен ибарат болады. Усының салдарынан олар баланың айтқанын ислеп, оның жетегине ерип кетеди. Бундай қубылыс балаларға тәсир жасаўдың аз нәтийже беретуғын қуралларын, усылларын ҳәм тәсиллерин жумсаўдың кесиринен келип шығады.

Баланың тәбийий қәсийетлери тәрбияда әҳмийетли роль атқарады. Бирақ халық адамның қәлиплесиўи тек нәсилден, тәрбиядан ғана ғәрезли емес екенине бәрқулла исенип келген. «Туўма уқыплар - бул мәселениң ярымы, ал басқа ярымы - тәрбия» Халық буған дәлил ретинде турмыстан мысаллар келтиреди. «Гей жақсының баласы ыссы нанға алғысыз, гей жаманның баласы айтса адам исенимсиз» «Жақсыдан жаман, ал жаманнан жақсы туўылады оны тәрбияласаң адам инанғысыз жақсы болып кетиўи мүмкин» деп, шеңгелдиң түбинен шеңгел, гүлдиң түбинен гүл шығатуғынын есапқа алмай кете беретуғын жағдайда ушырасады. Халық педагогикасында тәрбияның нақыл-мақалларда, афоризмлерде сәўлеленетуғын усылларын бир пүтин системасы ислеп шығылған: «Кирди суў жуўады, адамды нәсият тәрбиялайды». Усының менен бир ўақытта халық үгит-нәсиятты тәрбияның ушына шыққан жеткиликли қуралы деп есапламаған: «Нәсият тебен емес, мийге қадап қойғыдай». Жас әўладты тәрбиялаў көп күш, ўақыт жумсаўды ҳәм оғада шыдамлы болыўды талап ететуғыны белгили. Бунда баслы мәселе бала мудамы әдеп-икрамлылық тәрбиясының тәжрийбесин топлап барыўында әмелге асады. Ата-аналар да, педагоглар да балаға қатты итибар бериўи, оған шыдамлылық пенен ҳәм әдил қатнас жасаўы, оны бир нәрсе-

ни ислеўге мәжбүр етпеўи, ал жақсы ҳәм ийгиликли ислерге қулшындырыўы тийис. Адамларға ҳүрмет иззет пенен қатнас жасаўды тәрбиялаўды халық бәрҳәма әҳмийетли есаплайды. «Әлпайымлықты наданнан үйрен» дейди халқымызда. Балаларға: есиктен шыққаннан соң үш түрли адамға «Кемпир-ғаррыларға, ҳаял-қызларға ҳәм балаларға жол бер», -деп нәсият етиледи. Халық балаларда кишпейилликти тәрбиялаўға умтыла отырып, буны: адамлардың арасынан сондай орынды таўып отыра бил ҳеш ким саған «Арманырақ отыр демейтуғын болсын», -деген сыяқлы афоризмлерде билдирип келген.

«Көркем өнерди халық руўхыйлықты тәрбиялаўдың ең тәсиршең қуралы деп есаплаған. Балалрға дүньяға келгениниң дәслепки кунлеринен баслап-ақ көркем өнердиң бесик жыры, «түлкишек алалай менен булалай сыяқлы ҳәр қыйлы ҳәзил дәлкек ойынлары, нақыл мақаллары, жумбақлар, жаңылтпашлар оннан соң анағурлым қурамалы аңыз, дәстан сыяқлы түрлери үйретилетуғын болған. Бундайда баланы көркемлиги жоқары шығармалардың үлгисинде тәрбиялаў әҳмийетли деп есапланған. «Жаман қосық пенен Баланы да жубата алмайсаң,-дейди халқымыз». Дөгерек әтираптағы орталық халық түсинигинде тәрбияның оғада сийрек гезлесетуғын қуралы болып келген. «Ай болмаса кеўилди кир басады». «Айна болмаса дүнья айна болады». Буннан қоршап турған орталық қандай болса, тәрбия да сондай болады, деген жуўмақ келип шығады. Ата-аналардың үлгиси бул балалар ушын еликлеў дереги болады. Егерде ата-аналар баласын руўхый жағынан бай, әдеп-икрамлылық жағынан жетилискен етип тәрбиялығысы келсе, олардың өз  қара басы усы сыпатқа ийе болыўы тийис. Халық даналығында: «Атаға қарап ул өсер анаға қарап қыз өсер» делиниўи тосыннан емес.

Халық ҳәмме ўақытта характери унамсыз адамларды жақтырмай келген, өйткени өзимшиллик, тәкәббирлик, менменлик жәмийеттиң әдеп-икрамлылық  нормаларына қайшы келеди.

Усыған байланыслы халық ата-аналарға «Айды күннен артық деме», деп ақыл-нәсият береди. Бул жерде ата-аналарға өз балалары ҳәдден тыс сүйкимли болып көрнетуғынына ишарат етиледи. Халық жийи-жийи өз наразылығын анағурлым кескин түрде билдиреди. «Өзин мақтаған өгиз тентек, ал балаларын көп мақтаған дүзелмес ақмақ» делинеди.

Ойынды халық балаларды раўажландырыўдың, оларда руўҳыйлықты ҳәм әдеп икрамлықты тәрбиялаўдың әҳмийетли факторы деп билген. Буны ол «Адам қылығынан, бала ойынынан билинеди», - деген сыяқлы  афоризмлерде билдирип келген. Балалар характериниң белгилери, олардың өз-ара қатнасықлары, көз-қараслары, минез-қулқы әсиресе пайдалы ойын-

ларда айқын көринеди ҳәм ол жетилисип барады. Балалар өз ойынларында дөгерек әтирaптағы дүньядан алған тәсирлерин көрген билгенин, адамлардың қылығын, олардың мийнетин, өз-ара қатнасықларын аттан анық етип баянлап береди.

Усындай ойын процессинде ең әпиўайы әдеп-икрамлылық көнлигиўлери ҳәм әдетлери қәлиплесип барады. Ал усы көнлигиўлер менен әдетлер халық билимлендириўниң ҳәр бир басқышында жетилисип ҳәм беккемленип барады.

Мийнет әйиемги заманлардан берли руўҳыйлық пенен әдеп икрамлықтың сарқылмас булағы болып киятыр. Жас өспиримлердиң ержетиў процесси мийнет хызмети менен тығыз байланыслы. Бала қаншама көп ҳәм қаншама жүўапкершилик пенен мийнет етсе, ол мийнеттиң инсан турмысындағы әҳмийетин соншама терең уғып алады, онда миннет сезими, руўхый ҳәм материаллық байлықларды дөретиў зәрүрлиги соншама табыслы қәлиплесе береди.

Өз шығармаларын мийнет тәрбиясы машқалаларына арнаған ең ири педагог илимпазлардың мийнетлерин талықлаў олар сөзсиз, халық педагогикасын билиўге тийкарланғанынан, жас әўладты ҳәр қандай мийнетке сүйиспеншилик руўҳында тәрбиялаўда халық дәстүрлериниң үрп-әдетлериниң наятый зор әҳмийетин ҳәм ролин жоқары баҳалағанынан дерек береди.

Егерде мийнет тәрбиясы руўхыйлық пенен әдеп- икрамлылықты қәлиплестириў менен тығыз байланыслы болса, әлбетте ол жақсы нәтийжелер береди. Басқаша етип айтқанда, балардың мийнет етиў ҳәм жумыстың ҳәр қандай түри менен шуғылланыўыға тилек билдириўи мийнет адамлардың экономикалық мәдений дәрежесин арттырыўды зор роль атқаратуғынын түсиниўи мийнет адамларына ҳүрмет пенен қатнас жасаўы. мийнеттиң нәтийжелерин мийнет ресурсларын, шийки затты үнемлейди меңгерип алыўы жас әўладтың ўәкиллеринде руўхыйлық пенен әдеп-икрамлықтың элементлерин қәлиплестиреди ҳәм жетилистиреди. Егерде балалар көркем өнердиң ҳәр қыйлы түрлерин раўажландырыўда мийнеттиң ролин ҳәм әҳмийетин түсинип алса, бул жүдә жақсы нәтийжелер береди.

Жоқарыда айтылған пикирлерден төмендеги жуўмақлар келип шығады: Жас әўладты руўҳыйлықты ҳәм әдеп-икрамлылықты тәрбиялаўдың табыслы болыўы:

– Жас әўладты тәрбиялаў менен тиккелей шуғылланып атырған адамлардың педагогикалық мәдениятының дәрежесинен; Буннан бурынғы әўладлардың педагогикалық мийрасын халық педагогикасы менен бириккен ҳалда сын көзи ҳәм дөретиўшилик пенен пайдалана отырып, алдыңғы тәжирийбеге ҳәм ҳәзирги педагогика илиминиң жетискенликлерине сүй-

ениўден халық арасында ағартыўшылық жумысын кең көлемде жүргизе отырып, ата-аналар жәмийетшилигин өз баларын тәрбиялаўға тартыўдан, оларда қатнас мәдениятын қәлиплестириўде, базар қатнасықларына өтиў жағдайларындағы адамлардың өз-ара қатнасықларында әдеп-икрамлық қаншама зор роль атқаратуғынын түсиндириўден;

– жас әўладта жоқары әдеп-икрамлылық сыпатларды ийелеўге мүмкиншилик беретуғын мийнет исине тартыўдан; -оқыўшылар «Билимлендириў ҳаққындағы» нызамға муўапық, өзлериниң мүмкиншиликлерине, уқыпларына ҳәм талапларына қарай я лицейлерде, я колледжлерде өз билимлерин кеңейтиў, тереңлестириў ҳәм кәсипти ийелеў арқалы мийнет турмысына белсендилик пенен араласып кетиўинен ғәрезли болады.

Ал ең баслы ўазыйпа буған жас әўладты шаңарақта таярлай баслаўдан жумысты балалар бақшаларында, басланғыш, орта мектепте ҳәм академиялық лицейлерде даўам етиўден ибарат болады. Балалар усы тәрбия ҳәм оқыў орынларында әдеп икрамлылықтан дәслепки сабақ алады, жәмийеттиң ҳақыйқый ағзасы болып жетисиў ҳәм мәмлекетке өз Ўатанына пайда келтириў ушын өзиниң өмир жолын дурыс таңлап алады.

**Әдебиятлар:**


1. Алымов А. «Қарақалпақ лироэпикалык дәстанлары» Н. «Қарақалпақстан» 1990 ж.
2. Алымов А. Қарақалпақ халық жумбақлары «Қарақалпақстан»1983 ж.
3. Алымов А. «Бүгинги күнги тәлим - тәрбияның актуаль мәселелери» Ташкент 1997ж.
4. Махмуд Кашғарий, «Девону луғотит турк»Т. «Фан 1972»
5. Мусурманова А.,Баубекова Г. «Ўзбек халқ педагогикаси» Т. 2007
6. Мақтумқулының шығармалары. Н. «Қарақалпақстан»1985
7. Ушинский К. Д. «Танланмалы шығармалар» Т .1950
8. Зуннунов . А. «Педагогика тарихи» «Т. Шарқ 2004
9. Мағлыўматлар ҳәм билимлер «Минерология» Г.Г.Лемлейка, Х.К. Баранов, В.Н. Долгиналардың редакторлаўында, Л., 1963 ж. 1 бет.



**РЕЗЮМЕ**

Ушбу мақолада халқ оғзаки ижоди ва дастурлари асосида ёшларни одоб-ахлоқга тарбиялаш масалалари ўрганилган. Шу билан биргаликда халқимиз таълим тарбия ҳақидаги миллий ғояларининг ёшлар тарбиясидаги ўрни ва аҳамияти ёритиб берилган.

**РЕЗЮМЕ**

В данной статье рассматриваются вопросы нравственного воспитания молодежи на основе фольклора и программ. При этом подчёркнута роль и значение национальных идей нашего народа об образовании и воспитании в образовании молодёжи.

**SUMMARY**

This article discusses issues of moral education of youth based on folklore and programs. At the same time, the role and importance of our people’s national ideas about education and upbringing in the education of youth is emphasized.